

Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 18.3 MILYA DOLA POU LONG ISLAND NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2020 AN

40 Milyon Dola pral Sipòte Nassau Hub, sa k ap fè Kantite Total Investisman rive 131 Milyon Dola Anvè Pwojè 1.5 Milya Dola a--k ap kreye yon Espas Lojman, Magazen Vant an Detay, Biwo ak Espas pou Rechèch Byoteknoloji ki Gen Kalib Mondyal

Li Anonse tou 26.4 Milyon Dola pou Ede Abòde Pwoblèm Sistèm Septik Ansyen pou Apeprè 400 Kay nan Oakdale

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an ap Pwoteje Nouyòkè yo kont Atak Devastatè Gouvènman Federal Washington lan yo, Li ap Ranfòse Klas Mwayèn nan, Pwoteje Anviwònman an, Fè Investisman San Presedan nan Edikasyon, Pwoteje Sante Kominote nou yo epi Fè Pwogrese Enfrastrikti nou yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 18.3 milya dola pou Long Island k ap enkli nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an, k ap gen ladan 40 milyon dola pou sipòte Nassau Hub, sa k ap pote kantite total investisman vin 131 milyon dola anvè pwojè 1.5 milya dola a. Gouvènè a anonse tou 26.4 milyon dola pou ede reponn a pwoblèm sistèm septik ansyen pou apeprè 400 kay nan Oakdale.

Investisman ak inisyativ ki nan Bidjè Egzekitif la yo ap pwoteje Nouyòkè yo kont atak devastatè gouvènman federal Washington lan yo, li ap ranfòse klas mwayèn nan, pwoteje anviwònman an, amelyore sante kominote nou yo epi investi nan enfrastrikti nou yo pou yo adapte a 21èm syèk la. Pou nevyèm ane konsekitif, Bidjè a ekilibre epi li kenbe kwasans depans yo pi ba pase de pousan.

“Malgre atak administrasyon federal la ap kontinye fè sou Eta New York la yo, nou ap konstwi dosye akonplisman nou yo epi pwoteje rezidan yo kont efè dedikyon Taks Eta ak Lokal yo (State and Local Tax, SALT) ak lòt politik malavize k ap soti nan Washington lan yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Soti nan devlopman ekonomik pase nan milye akademik rive nan anviwònman an, bidjè nou pwopoze a gen ladan pi gran investisman ki pi agresif pou Long Island nan istwa Eta New York. Ane sa a pa la pou ni plan ni vizyon, li la pou nou reyalize gran pwojè yo epi nou pral kontinye pote rezilta onivo global avèk yon bidjè ekilibre, ki atan yon lòt fwa ankò ane sa a.”

Nassau Hub

Gouvènè Cuomo te anonse 40 milyon dola pou Konte Nassau pou reyalize amelyorasyon enfrastrikti piblik yo pou sipòte Nassau Hub, sa k ap pote kantite total investisman rive 131 milyon dola anvè pwojè 1.5 milya dola a. Investisman sa a ap

ede kreye yon devlopman rezidansyèl ak komèsyal ki dinamik k ap gen ladan espas pou lojman, magazen vant an detay, biwo ak espas pou rechèch byoteknoloji. Gouvènè a te anonse tou ke eta ap bay 6 milyon dola pou fè amelyorasyon nan Nassau Coliseum.

26.4 Milyon Dola pou Ede Abòde Pwoblèm Sistèm Septik Ansyen nan Oakdale la yo

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke eta ap dedye 26.4 milyon dola pou ede abòde pwoblèm sistèm septik ansyen pou apeprè 400 kay nan kominote Oakdale la, nan kad yon pwogram k ap koute prèske 390 milyon dola pou lanse tretman egou ak azòt yo nan Konte Suffolk. Konte Suffolk pral jere pwojè sa a k ap enplike plizyè kominote ke yo estime k ap agrandi sistèm egou pou 6,350 kay nan Forge River, Carlls River, ak Patchogue, anplis de anpil santèn kay ki nan Oakdale la yo. Plizyè kominote te resaman vote an favè referandòm pou ede finanse pwojè a. Konte a pral antreprann pwojè pwolongasyon sistèm egou nan Kominote sa yo ki sitiye osid zòn kot Konte Suffolk la yo. Polisyon azòt degrade ekosistèm nou yo avèk anpil florezon alg epi yo detwi sistèm tè marekaj ak tè makay ki ogmante rezistans tèren yo lè yo ofri yon tanpon pou amòti enpak tanpèt kotyè yo. Kontaminan nitrat yo ka rantre nan dlo soutèren ak nan dlo potab yo tou. Yo estime Konte Suffolk la gen 360,000 sistèm septik ak fose septik ki pa retire azòt yo. Yo estime ke 69 pousan polisyon azòt nan Konte Suffolk la soti nan sistèm septik ak fose septik ansyen sa yo, epi rès yo soti nan debòdman, angrè, izin tretman dlo ize yo, ak depo atmosferik yo. Investisman yo te anonse jodi a ap ajoute sou efò eta a ap kontinye fè pou l redwi polisyon azòt nan kad Plan Daksyon Kont Azòt Long Island lan (Long Island Nitrogen Action Plan).

100 Milyon Dola nan Pwojè Devlopman Ekonomik Transfòmasyon yo

Bidjè Egzekitif la gen ladan 100 milyon dola ki soti nan resous kapital ki te la deja la pou pwojè transfòmasyon k ap fèt nan Long Island lan yo.

Bous Detid Excelsior la (Excelsior Scholarship)

Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta pral lanse twazyèm faz Bous Detid Excelsior la (Excelsior Scholarship)—sa k ap ogmante limit sou revni yo pou l vin 125,000 dola epi ede 26,100 etidyan nan Long Island al nan invèsite san yo pa peye frè eskolè yo. An 2017, Gouvènè Cuomo te anonse Bous Detid Excelsior la, ki se tou premye pwogram konsa ki gen nan peyi a, k ap ofri aksè nan inivèsite san frè eskolè nan ti inivèsite ak gran inivèsite leta New York la yo pou fanmi k ap touche jiska 125,000 dola pa ane yo, sa k ap soulaje fado dèt etidyan epi k ap mete plis Nouyòkè deplizanpli sou chemen anè sekirite finansyèl.

Otowout Nassau Expressway a

Gouvènè Cuomo te anonse ke rekonstriksyon otowout Nassau Expressway a k ap koute 130 milyon dola pral fini an desanm sa k ap vini an. Plis pase 400,000 moun depann sou wout Nassau Expressway lan kòm yon wout evakyasyon ijans, ke yo te itilize pandan Ouragan Sandy. Amelyorasyon nan enfrastrikti ak sekirite yo nesès pou elve wout lan, ki anviwon de pye e demi pi ba pase plèn inondasyon an ki gen 100 an, epi amelyore yon sistèm drenaj ki degrade ak tèren agrikòl ki anba tè yo.

Modènizasyon Long Island Rail Road (LIRR)

Gouvènè Cuomo te anonse ke 16 pwojè pami 39 pwojè modènizasyon k ap fèt nan estasyon pasaje toupatou atravè Long Island lan yo pral fini ane sa a. Y ap fè pati 6.6 milya dola Gouvènè a mete disponib pou transfòmasyon Long Island Rail Road la Apre 70 zan imobilite, toule 100 pwojè investisman transfòmatif LIRR yo ap vanse vè lavan, ki gen ladan Twazyèm Ray Liy Prensipal la (Main Line), Ray Doub Vwa la ak Rekonstriksyon Jamaica Station a, y ap renove 39 estasyon Long Island Rail Road yo ak pasaj anivo y ap elimine yo -- sa k ap modènize sistèm transpò a toupatou atravè rejyon an pou ofri yon sistèm modèn depwent pou Long Island.

Pwojè Twazyèm Ray la

Gouvènè Cuomo te anonse ke konstriksyon premye tinèl pou ranplase yon pasaj anivo pral kòmanse nan Urban Avenue nan New Cassel, sa k ap fè vanse pwojè istorik Twazyèm Ray la. Efò ekspansyon 2.6 milya dola gen ladann 50 pwojè pou modènize 15.77 kilomèt sou longè Liy Prensipal konjesyone LIRR la ant Floral Park ak Hicksville. Pwojè sa yo genyen ladan yo mete yon twazyèm ray, elimine tout sèt pasaj nivo andedan koridò pwojè a, ajoute nouvo sou-estasyon puisans ak paking, ansanm ak ray modèn epi enfrastrikti sinyal. Karant pousan pasaje LIRR yo pase nan Liy Prensipal la.

Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo (Offshore Wind)

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke yo pral akòde omwen 800 megawat nouvo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot la apati mwa me sa k ap vini an. Nouvo Akò Ekolojik la (Green New Deal) ap ogmante sib enèji ewolyèn olaj zòn New York la yo vin nèf jigawat apati 2035, ki se pi gran angajman nan peyi a de lwen. Devlopman endistri sa a pral lakoz gen plis pase 25 milya dola investisman k ap fèt nan enfrastrikti yo, sa k ap kreye anpil milye djòb pou Nouyòkè yo nan yon bann varyete pozisyon espesyalize. Mendèv kalib mondyal Long Island lan pral adapte byen fasil ak demann pou enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, sa k ap asire ke se moun Long Island k ap konstwi ak sipòte sektè enèji Long Island lan. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) estime ke si yo atenn sib nèf jigawat enèji ewolyèn olaj zòn kot Gouvènè a tabli a, y ap ka alimante plis pase sis milyon fwaye nan New York epi lakoz kreyasyon plis pase 7,000 djòb pou operasyon ak antretyen apati 2035. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te anonse ke New York pral investi jiska 200 milyon dola nan enfrastrikti pòtyè yo pou koresponn a investisman sektè prive a ap fè yo epi sipòte kwasans nouvo endistri sa a. Etablisman pòtyè ki sou bòdmè Long Island lan yo ak endistri maritim eksperimante li yo pral pafètman apwopriye pou yo reponn a demann operasyon ak antretyen endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot yo ap genyen yo, sa k ap ofri rezidan Long Island lan yo bon jan djòb alontèm ki byen peye.

Pwojè Restorasyon Fwidmè Long Island lan (Long Island Shellfish Restoration Project)

Bidjè a gen ladan 4 milyon dola adisyonèl pou kreye Eklozri Fwidmè Depwent SUNY Stony Brook lan (SUNY Stony Brook Shellfish Hatchery) nan etan Flax Pond lan. Bidjè a gen ladan tou 3.6 milyon dola pou kontinye fè vanse pwojè anbisye pou restorasyon

fwidmè New York yo pou amelyore kalite dlo Long Island lan yo epi ranfòse ekonomi ak rezistans kominote kotyè yo.

An 2017, Gouvènè Cuomo te anonse yon Pwojè Restorasyon Fwidmè Long Island k ap kote 10.4 milyon dola pou kreye nouvo sit refij pou fwidmè yo nan bè sa yo: Shinnecock Bay, Bellport Bay, Huntington Harbor, South Oyster Bay ak Hempstead Bay, konstwi Cornell Cooperative Extension nan Konte Suffolk la pou elve fwidmè yo epi fè patenarya ak kominote yo, epi finanse sibvansyon pou amelyorasyon eklozri piblik yo.

Pami lòt pwèn enpòtan ki nan Bidjè a yo genyen:

JISTIS EKONOMIK

Fè Limit Taks sou Pwopriyete a Pèmanan Depi lè aplikasyon limit fiskal lan an 2012, kwasans lan te an mwayèn anviwon 2 pousan epi limit fiskal lan te fè kontribiyab yo ekonomize anviwon 8.7 milya dola nan Long Island, epi 25 milya dola inivo eta a.

Rediksyon Taks yo pou Klas Mwayèn lan: New York pral kontinye entwodwi rediksyon taks pou klas mwayèn lan pwogresivman. An 2019, 700,905 moun Long Island pral benefisye de refòm lan avèk yon pwofi 382 dola an mwayèn. Kontribiyab k ap ranpli taks nan Long Island lan yo ap gen pi gran rediksyon taks an mwayèn nan Eta a. Lè li konplètman antre an vigè (an 2025) pwofi an mwayèn lan pral 847 dola nan Long Island, sa k ap rann li vin to taks pou klas mwayèn ki pi ba nan Eta a depi plis pase 70 ane.

Elimine Avantaj Taks sou Intènèt la: Magazen vant an detay tradisyonèl New York la yo gen yon dezavantaj aktyèlman la paske anpil nan konpetitè vant an detay sou entènèt yo pa kolekte taks sou lavant yo. Bidjè a ofri yon kad inifòm pou kolekte taks sou lavant yo egzijè founisè mache yo kolekte yo, sa ki pral senplifye aplikasyon taks sou lavant yo epi soulaje fado koleksyon an pou magazen vant an detay k ap vann atravè platfòm sa yo. An 2019, yo prevwa refòm sa yo ap ogmante revni taks yo pa 31 milyon dola nan Konte Nassau ak 33 milyon dola nan Konte Suffolk.

Batay pou Dediktibilite Total Enpo Lokal ak Eta yo: Kontinye pwosè jidisyè pou pwoteje New York ak kontribiyab li yo kont rediksyon radikal prelèvman SALT yo ke Washington ap fè yo. Eliminasyon dediktibilite SALT lan pral afekte plis pase 530,000 kontribiyab nan Long Island.

Konstwi Enfrastrikti 21èm Syèk

Amelyorasyon nan Wout ak Pon yo: Nan kad plan Kapital 100 milya dola Gouvènè a, Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an gen ladan finansman pou pwojè wout ak pon k ap fèt nan rejyon Long Island lan yo, ki gen ladan:

- 19.8 milyon dola anvè konstriksyon twazyèm faz chemen itilizasyon pataje boulva Ocean Parkway a ant Tobay ak Pak Eta Captree a nan Vil Oyster Bay, Islip ak Babylon.
- 11.5 milyon dola anvè reyabilitasyon pon Route 25 lan ki pase sou Route 107 la nan Vil Oyster Bay a.

- 4.7 milyon dola anvè amelyorasyon sekirite, ki gen ladan ranplasman ray gidaj, sou Sunken Meadow Parkway a soti nan I-495 rive nan pòs peyaj Pak Eta Sunken Meadow a nan vil Smithtown ak Islip.
- 33.6 milyon dola anvè reyabilitasyon pon Robert Moses Causeway a ki pase sou bradmè Fire Island Inlet la nan Vil Islip.

Pwogram Èd pou Otowout Lokal CHIPS la (CHIPS Local Highway Aid Program). Bidjè a mete 40.1 milyon dola finansman disponib pou wout ak pon lokal Long Island yo atravè pwogram CHIPS la.

Pwogram Èd pou Otowout Lokal PAVE NY la (PAVE NY Local Highway Aid Program). Bidjè a mete 9.2 milyon dola finansman disponib pou wout lokal Long Island yo atravè pwogram PAVE NY la.

Èd pou Operasyon Transpò Komen an (Transit Operating Aid). Bidjè a mete 74.4 milyon dola finansman disponib pou Konte Nassau, 29.4 milyon dola Konte Suffolk nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an, yon ogmantasyon 5 milyon dola ak 2 milyon dola an konparezon ak Bidjè Ane Fiskal 2019 la, respektivman. Bidjè a mete prèske 3 milya dola disponib tou nan finansman sou bidjè pou MTA nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an. Sa gen ladan èd pou sistèm tren banlye yo.

Kontinye ak Estrateji Soti Anba Monte Anlè pou Devlopman Ekonomik New York

Kontinye fè Investisman nan Sektè Touris la: Bidjè a gen ladan 59.5 milyon dola pou sipòte kanpay touristik Eta a epi atire vizitè k ap soti toupatou atravè lemond. Pwogram lan gen ladan yon setyèm faz 15 milyon dola nan finansman konpetitif atravè inisyativ Market NY la pou sipòte plan ak pwojè piblisite touristik ki pi byen demontre kolaborasyon rejyonal pami konte yo pou pwomouvwa atraksyon rejyonal yo. Sektè touris la se katriyèm sektè anlwa ki pi laj nan New York.

Investi nan Kominote yo Atravè Eta a Apati Katriyèm Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative): Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap transfòme katye sant vil yo pou yo tounen kominote dinamik kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. Dis REDC Eta yo baze sou potansyèl transfòmasyon sant vil sa yo pou yo nonme kominote k ap patisipe yo. Atravè twa faz prim yo, yo te bay chak kominote gayan yo 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou sant vil yo epi reyalize pwojè katalizè enpòtan yo pou fè vanse vizyon pou revitalizasyon kominote a. Nan Long Island, gayan faz avan yo te Islip Santral, Hicksville, ak Westbury. Bidjè Egzekitif lan ap bay 100 milyon dola pou IVèm Faz Pwogram Revitalizasyon Sant Vil la.

Pwogram Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la (New York State Grown and Certified) Bidjè Egzekitif la kontinye sipòte inisyativ Kiltive ak Sètifye nan Eta New York la. Yo konsevwa pwogram sa a pou l ranfòse konfyans konsomatè yo nan pwodwi Eta New York la yo, reponn a pwoblèm etikètaj pwodwi alimantè yo, epi ede fèmnye New York pou yo ka pwofite de demann kwasan ki genyen pou bon jan kalite pwodwi alimantè lokal yo. Depi lansman pwogram lan an 2016, yo te sètifye plis pase 2,386 fèm, sa ki reprezante plis pase desan mil ekta tèren agrikòl.

Taste NY: Yo te lanse Taste NY an 2013 pou mete aksan sou epi ankouraje acha pwodwi alimantè ak bwason yo fabrike nan New York la yo. Inisyativ Taste NY la te pwouve li se yon siksè enkwayab nan elve viziblité bon jan kalite pwodwi alimantè ak pwodwi agrikòl New York la yo. Pou ajoute sou siksè yo te atenn an 2018 la epi kontinye konekte plis pwodikè New York yo ak nouvo mache yo, Bidjè Egzekitif Gouvènè Cuomo a ap investè 6.5 milyon dola pou agrandi pwogram Taste NY la nan nouvo sant dakèy toupatou atravè Eta a yo.

Asire Yon Bon Jan Kalite Edikasyon pou Tout Moun

Mande Distrik yo Distribiye Asistans Eta a nan yon Fason Ki Pi Ekitab pou Lekòl Ki Gen Plis Nesesite yo: Menm si Eta a ap distribiye 70 pousan nan finansman li yo bay distrik ki gen plis neseseite yo, distrik yo pa toujou distribiye finansman bay lekòl yo nan yon fason ki ekitab. An reyalyte, kèk distrik eskolè gen lekòl ki gen pi gwo neseseite yon nivo konsiderab ki ap resevwa mwens pase lekòl mwayen nan distrik lan. Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou yo egzije distri eskolè sa yo dedye yon pòsyon nan asistans eskolè yo resevwa pou ane 2019-20 an pou yo ogmante alokasyon pa elèv nan lekòl ki gen anpil bezwen yo. Ogmantasyon sa a nan alokasyon pral ede asire ke finansman ki destine a ede amelyore rezilta edikatif yo pou elèv ki gen plis neseseite yo rive jwenn elèv sa yo.

Ogmante Envestisman Lidè nan Nasyon an ke New York ap fè nan Edikasyon an yo: Eta New York ap kontinye pwogrè ki te fèt nan efò pou ranfòse rezilta edikatif yo epi ogmante aksè a bon jan kalite aprantisaj pou tout etidyan yo. Bidjè Ane Fiskal 2020 an ap ogmante Èd pou Lekòl (School Aid) Long Island lan yo 99.3 milyon dola anplis, ki gen ladan yon ogmantasyon 22.9 milyon dola nan Èd Fondasyon (Foundation Aid).

Enfrastrikti Ansèyman Siperyè: Long Island pral resevwa 34.3 milyon dola nan finansman kapital pou mentni ak modènize etablisman ansèyman siperyè SUNY li an yo.

Okenn Frè Eskolè nan Inivèsite Leta yo: Apeprè 40 pousan (plis pase 26,100) etidyan rezidan ki nan yon pwogram inivèsite premye sik atanplen nan inivèsite leta Long Island yo al nan inivèsite san yo pa peye frè eskolè atravè Bous Detid Excelsior la ansanm ak lòt sou asistans finansyè ki genyen pou etidyan yo, pami yo pwogram Asistans pou Frè Eskolè (Tuition Assistance Program, TAP) jenere a.

JISTIS SOSYAL

Pwopoze Jistis Kriminèl Pou Tout Moun

Pou amelyore ekitablite epi rann sistèm jistis kriminèl nou an pi jis, Gouvènè Cuomo ap fè vanse yon seri refòm global, ki gen ladan:

- Mete fen nan zafè kosyon lajan kach la yon fwa pou tout.
- Amelyore Transparans nan Pwosesis Dekouvèt lan
- Asire Dwa a yon Jijman Akselere
- Aboli Pèn Kapital
- Transfòme fason yo itilize izòlman solitè a
- Tabli liberasyon konpatissant pou prizonye ki gen plis pase 55 an yo.

- Pwomilge yon pakè reyentegrasyon global

Legalize Itilizasyon Kanabis pou Granmoun

An Janvyè 2018, Gouvènè Cuomo te pase Depatman Sante a (Department of Health, DOH) enstwiksyon pou yo lanse yon etid ant divès ajans pou ka revize enpak potansyèl kanabis ki regilarize ka gen nan New York. Etid lan, ki te soti nan mwa Jiyè pase a, te konkli ke enpak pozitif yon pwogram kanabis ki regilarize nan Eta New York yo depase aspè negatif potansyèl yo. Pou ajoute sou sansibilizasyon ak rechèch entansif yo, Gouvènè Cuomo ap pwopoze etablisman yon pwogram kanabis ki regilarize pou granmoun ki gen laj 21 ak sa ki pi aje yo nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an ki ap pwoteje sante piblik, bay pwoteksyon pou konsomatè yo, asire sekirite piblik, abòde enkyetid jistis sosyal yo, epi envesti revni fiskal yo. Espesifikman, pwogram nan pral:

- Redwi enpak kriminalizasyon ki ap afekte kominote moun nwa yo.
- Otomatikman sele kèk rejis kriminèl ki an rapò ak kanabis.
- Mete sou pye bon jan kalite kontwòl ak pwoteksyon konsomatè pou pwoteje sante piblik.
- Konte ak gwo vil yo ka chwazi soti ladan.
- Limite aksè a nenpòt moun ki gen laj mwen pase 21 an.
- Jenere anviwon 300 milyon dola nan revni fiskal epi kreye travay.

Fè Vanse Ajanda Jistis pou Fanm lan (Women's Justice Agenda)

Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon ajanda solid pou fè vanse jistis pou fanm New York la yo. Nan kad ajanda temerè sa a, Gouvènè a pral fè vanse lejislasyon pou amelyore aksè a IVF ak garanti pou prezèvasyon fekondasyon yo, redwi mòtalite ak mòbidite matènèl ak disparite rasyal, epi ogmante pwoteksyon kont asèlman nan milye travay. Gouvènè a pral modènize lwa sou ekite salè New York la tou, l ap elimine delè preskripsyon pou vyòl yo epi pwomilge Lwa sou Jistis pou Sivivan Vyolans Domestik yo (Domestic Violence Survivors Justice Act).

Pwomilge Ajanda Demokrasi a

Gouvènè a te deja siyen plizyè priyorite sou refòm vòt li yo vin lwa, ki gen ladan fèmte vid jiridik LLC a, pwomilge vòt antisipe, senkwonize eleksyon federal ak eta a yo ak enskripsyon preyalab pou minè yo. Byenke refòm sa yo se yon etap esansyèl vè lavan nan efò n ap fè pou nou ankouraje chak Nouyòkè pou yo vote, Bidjè Egzekitif ane fiskal 2020 Gouvènè Cuomo a pwopoze mezi adisyonèl pou modènize lwa vòt New York la yo, ki gen ladan:

- **Rejyon nò a vote avan midi:** Lwa Eleksyon Eta (State Election Law) aktyèl la entèdi biwo vòt yo pou ouvri avan midi nan eleksyon primè yo sèlman nan rejyon nò New York, sa ki kreye yon aksè depaman nan biwo vòt atravè eta a. Nouyòkè tout kote genyen dwa pou yo jwenn menm opòtinite pou yo vote, epi ane sa a New York pral asire ke yo pwolonje lè vòt yo pandan eleksyon premye tou nan rejyon nò yo pou yo koresponn ak menm lè vòt nan rès eta a.
- **Fè Jou Eleksyon an yon jou konje:** Enkapasite pou pran konje nan travay pa ta dwe janm yon baryè pou yon moun vote. Ane sa a, New

York pral asire ke tout moun New York genyen konje pou voje nan Jou Eleksyon.

- **Anrejistreman Otomatik:** Jodia moun New York genyen opòtinite pou anrejistre pou vote nan entèraksyon ak ajans Eta yo epi yo dwe mande pou yo anrejistre yo. Bidjè a pral genyen ladan yon pwopozisyon pou anile pwosesis sa a epi enskri Nouyòkè ki kalifye pou yo vote yo sof si yo mande pou yo pa enskri yo. Anrejistreman otomatik moun k ap vote pral non sèlman ogmante anrejistreman kantite moun k ap vote ak patisipasyon nan eta a, men li pral ranfòse tou pwosesis demokratik nou an.
- **Anrejistreman an liy:** Apa DMV, pa genyen aktyèlman opsyon an liy pou anrejistreman moun k ap vote nan Eta New York. Bidjè a pral genyen ladan yon pwopozisyon pou asire elektè yo gen opòtinite enskripsyon otomatik ki disponib sou entènèt, pou li genyen ladan tou pèmèt Nouyòkè yo aplike pou yo enskri pou yo vote sou sitwèb Konsèy Elektoral Eta a (State Board of Elections).
- **Bani kontribisyon kòporatif:** Lajan kòporatif anvayi sistèm elektoral nou an. Bidjè egzekitif la pral genyen ladan yon pwopozisyon pou entèdi kòporasyon yo fè tout kontribisyon, sa k ap remèt pèp la pouvwa a epi ede retire lajan sal ak enfliyans enterè espesyal nan pwosesis demokratik nou an.

JISTIS POU TOUT NOUYÒKÈ

Pwoteje Bon Jan Kalite Swen Sante nan yon Pri Abòdab

Kodifye Pwoteksyon pou Swen Sante yo ak Garanti Kouvèti Asirans pou Nouyòkè yo: Fas a atak gouvènman federal ap fè sou Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act, ACA), Gouvènè Cuomo kwè li esansyèl pou New York kodifye dispozisyon ACA a yo, ki gen ladan mache asirans sante eta a, ansanm ak amelyorasyon pwoteksyon reglemantè Eta a yo pou yon vin tounen lwa Eta a. Sa ap enpòtan anpil pou estabilize mache asirans sante a epi pwoteje New York kont tout lòt atak gouvènman federal ap fè sou sistèm swen sante a.

Pran Mezi pou Atenn Aksè Inivèsèl a Swen Sante: Gouvènè Cuomo ap tabli yon Komisyon sou aksè inivèsèl a swen sante ke Depatman Sante a ak Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) pral sipòte, epi li ap gen ladan espesyalis nan zafè politik an matyè sante, ak asirans pou yo devlope opsyon ki pou pèmèt moun jwenn aksè inivèsèl a bon jan kalite swen sante ki abòdab nan New York. Pwosesis revizyon sa a pral konsidere tout opsyon pou agrandi aksè a swen yo, ki gen ladan ranfòse mache asirans komèsyal New York la, agrandi pwogram yo pou yo enkli popilasyon ki aktyèlman inelijib yo oswa ki pa gen mwayen pou yo peye pou garanti asirans yo, ansanm ak modèl ranbousman inovatè pou yo amelyore efikasite epi jenere ekonomi pou sipòte garanti asirans yo agrandi yo.

Transfòme Sistèm Swen Sante a: Bidjè a ap kontinye sipòte transfòmasyon k ap fèt nan sistèm swen sante Long Island lan atravè reyotorizasyon finansman enpòtan sa yo:

- Pwogram Finansman pou Restriktirasyon Kapital la (Capital Restructuring Financing Program) (yo te pwomilge nan Bidjè Ane Fiskal 2015 lan). Yo te akòde Long Island 88.2 milyon dola nan sibvansyon pou sipòte lopital rejyonal yo;
- Pwogram Pwofesyonèl Swen Sante Esansyèl la (Essential Health Care Providers Program) (yo te pwomilge l nan Bidjè Ane Fiskal 2016 la). Yo te akòde Long Island 24.1 milyon dola nan sibvansyon pou sipòte lopital rejyonal yo;
- Iye Faz Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante Onivo Eta a (Statewide Health Care Facility Transformation Program I) (Yo te pwomilge l nan Bidjè Ane Fiskal 2017 la). Yo te akòde Long Island 29.7 milyon dola nan sibvansyon; epi
- Iye Faz Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante Onivo Eta a (Yo te Pwomilge l nan Bidjè Ane Fiskal 2018 la). Nan premye faz sibvansyon yo, yo te akòde Long Island 17.5 milyon dola nan sibvansyon.

Lite pou Mete Fen nan Epidemi Opyoyid la

Bidjè a mete apeprè 25 milyon dola disponib pou reponn a kriz dwòg ewoyin ak opyase yo nan Long Island. Yo pral itilize finansman sa a pou sipòte yon bann seri pwogram tretman, ki gen ladan 12 pwogram rezidansyèl, 48 pwogram pou pasyan konsiltasyon ekstèn yo, ak senk pwogram tretman pou opyoyid, ansanm ak yon Sant Tretman pou Toksikomani Eta ap Jere (State-Operated Addiction Treatment Center). Pwogram sa yo gendwa ofri konsèy sikolojik endividyèl ak an gwoup, tretman alèd medikaman, sèvis edikatif, jesyon ka, evalyasyon pwofesyonèl, ak fòmasyon pou konpetans pwofesyonèl, preparasyon pou anplwa, konpetans parantal, konpetans sosyal ak konpetans lavi kominotè. Anplis de sa, Gouvènè a ap pwopoze pou:

- Pwoteje Nouyòkè yo kont Pratik Predatè yo
- Agrandi Aksè a Biprenòfin
- Agrandi Aksè a Tretman Alèd Medikaman yo nan Milye Jistis Kriminèl yo
- Ogmante Aksè a Naloksòn
- Lanse yon Plan Direktè Global pou Prevansyon Toksikomani pou Lekòl yo

Anpeche Gang yo fè Rekritman

New York pral asire ke jèn Nouyòkè yo gen resous yo bezwen pou anpeche yo enplike nan gang epi pou fòs lapolis yo gen zouti yo bezwen pou yo pran mezi reprezay kont manm gang yo:

- Eta a ap kontinye investi plis pase 45 milyon dola li ap fè onivo eta a ane sa a pou yo reyalize vizyon temerè, global yo te dekri pandan ane ki sot pase a pou elimine MS-13.
- Nou pral plis amelyore kapasite ransèyman ak analiz, operasyon anti gang fòs lapolis yo, epi nou ap finanse sibvansyon pou prevasyon vyolans lan yo, konstwi sipò ki baze onivo lekòl yo, epi amelyore pwogramasyon Pak Eta a.

- Nouvo pwogram sa yo pral konplemanste envestisman ki te deja fèt nan sèvis sosyal ak sekirite piblik yo, sa k ap konstwi yon rezo global pou demantle kondwit imigrasyon anvè viktimizasyon an.

Kreye Kominote ki an Bòn Sante

Pwoteje Nouyòkè yo Kont Ekspozisyon a Pwodwi Chimik Toksik yo san yo pa

Konnen: Gouvènè Cuomo pral entwodwi nouvo lejislasyon k ap otorize Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), Depatman Sante a ak Depatman Eta a (Department of State) pou yo devlope règleman k ap tabli obligasyon etiketaj sou anbalaj pwodwi yo deziyen yo, sa k ap endike prezans pwodwi chimik ki potansyèlman danjre yo, drese yon lis ki gen plis pase 1,000 kasinòjèn ak lòt pwodwi chimik ki pral deklanche etiketaj yo, epi idantifye tip pwodwi konsomasyon ki pral soumèt anba nouvo rejim lan. Li pral plis responsabilize DEC ak DOH pou yo egzije fabrikan yo pou yo divilge kontni chimik ki gen nan pwodwi konsomasyon yo vann oswa distribye nan Eta New York la yo epi eksplòre mezi adisyonèl ki posib yo ka pran pou pwoteje konsomatè yo.

Kontwole Menas Tabak gen pou Sante a yo: Gouvènè Cuomo ap pwopoze lejislasyon global pou konbat ogmantasyon itilizasyon pwodwi tabak yo. Lejislasyon sa a gen ladan:

- Ogmante laj minimòm pou vann pwodwi tabak ak sigarèt elektronik soti nan 18 lane pou ale nan 21 lane
- Mete fen a vant pwodwi tabak ak sigarèt elektronik nan famasi
- Klarifye otorite Depatman Sante a genyen pou yo entèdi vant kèk likid awomatize yo itilize nan sigarèt elektwonik yo
- Restriksyon sou rabè fabrikan ak detayan tabak ak sigarèt elektronik ofri
- Entwodwi yon taks sou sigarèt elektwonik yo
- Egzije pou se sèlman atravè detayan ki gen lisans yo ki pou vann sigarèt elektwonik

Kontinye Lidèchip Anviwònmantral New York la

Lansman Nouvo Akò Ekolojik la: Fas a atak Administrasyon Trump lan ap fè sou anviwònman an epi pou yo ka kontinye pwogrè New York deja fè nan lit kont chanjman klimatik la, Gouvènè Cuomo ap anonse Nouvo Akò Ekolojik New York la, ki se yon ajanda lidè nan peyi a an matyè enèji ak djòb ekolojik, ki pral mete eta a sou wout anvè netralite kabòn atravè tout sektè ekonomi New York la yo. Sou direksyon Gouvènè a, New York pral pan mezi anbisyè pou nou atenn objektif sa a avèk aksyon akoutèm ak estrateji alontèm espesifik pou yo estimile inovasyon san parèy epi transfòme enfrastruktir elektrik, transpò, ak bilding eta a yo pandan y ap priyorize bezwen Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere yo. Inisyativ monimantal sa a pral plis estimile kwasans ekonomi enèji pwòp New York la, kreye anpil dizèn milye bon jan kalite djòb 21yèm syèk, ofri tout Nouyòkè yo lè ak dlo pwòp lè yo redwi degajman danjre yo, epi trase egzant lidèchip sou klima pou rès nasyon an ak pou rès mond lan swiv.

Pwoteje Dlo Lanmè yo kont Foraj Olaj Zòn Kot yo: Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon ki pral pwoteje anviwònman Eta New York la ak ekonomi marín li an ki vo 23 milya dola, lè yo entèdi devlopman foraj petwòl ak gaz nan Zòn Planifikasyon Nò

Atlantik la (North Atlantic Planning Area). Yon debòdman petwòl gen konsekans devastatè pou Long Island: l ap elimine endistri lapèch la, detwi plaj imakile ak endistri touris Long Island lan, epi polye akifè a ke moun Long Island yo depann de li pou dlo potab la.

Finansman pou Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la: Bidjè Egzekitif la gen ladan yon dotasyon 500 milyon dola pou sipòte investisman adisyonèl k ap fèt nan pwojè dlo pwòp toupatou atravè Eta a yo. Sa ap premye vèsman nan kad angajman Gouvènè Cuomo pran pou l ofri 2.5 milya dola adisyonèl pandan senk ane k ap vini an yo pou sipòte pwojè enfrastrikti dlo, enfrastrikti dlo ize yo, ak pwoteksyon kalite dlo yo.

- Long Island patikilyèman vilnerab a pwoblèm dlo potab yo. Tè a se yon tè sab ki pèmèt kontaminan yo, pami yo azòt, filtre desann nan akifè zile a. Finansman adisyonèl sa a pral plis ogmante investisman Eta ap fè nan sibvansyon ak prè pou ede kominote yo modènize enfrastrikti dlo yo epi asire ke tout Nouyòkè gen aksè a dlo pwòp. Finansman an gen ladan investisman estratejik pou ede reponn a nouvo kontaminan yo, tankou 1,4-dyoksàn ak pwodwi Chimik Pèfliyore yo (Perfluorinated Chemicals, PFCs), ansanm ak lòt toksin florezon alg danjre yo.

Inisyativ Resif Atifisyèl la: Inisyativ sa a ap chache amelyore lavi marin New York la epi ranfòse endistri lapèch ak plonjon rekreyatif yo nan Long Island lè yo itilize wòch pwòp, beton ak asye nan plizyè fòm pou yo kreye nouvo abita maren. Lè yo mete materyèl sa yo nan yon fason estratejik anba nan fon lanmè a, sa ap amelyore byodivèsite rejyon an paske plis pwason ak òganis enkroustan yo ap vin enstale yo nan nouvo abita a k ap kòmanse sanble ak yon resif natirèl a mezi tan ap pase. New York gen 12 resif atifisyèl, ki gen ladan de nan Canal Long Island lan, de nan Great South Bay, epi uit nan Oseyan Atlantik la. Atravè inisyativ sa a, yo te kreye 38 nouvo resif izole sou sis sit pami sit resif atifisyèl New York la yo an 2018. Sis sit sa yo ki te resevwa meteryèl yo gen ladan resif Fire Island, Hempstead, Moriches, Rockaway, ak resif Shinnecock Oseyan Atlantik la, ak resif Smithtown nan Kanal Long Island lan. Nou pral kontinye inisyativ la lè nou devlope resif nan 6 sit sa yo an 2019.

Pak Eta yo: Pwogram New York Works la pral gen ladan 110 milyon dola pou renove pak eta a yo, sa k ap kontinye enjekte dola kapital yo nan pak New York la yo. Bidjè Egzekitif la gen ladan tou 19.5 milyon dola pou Pak ak Sit Istorik Minisipal toupatou atravè eta a yo pou ane 2019-20 an. Byenke yo poko detèmine prim sibvansyon pou ane 2019 la yo, an 2018, enstitisyon ak lokalite sa yo ki nan Long Island lan te resevwa plis pase 1.6 milyon dola sibvansyon ki soti nan pwogram sa a:

- Old Westbury Gardens, Inc.
- Sosyete Istorik Roslyn lan (Roslyn Landmark Society)
- Planting Fields Foundation
- The Caumsett Foundation, Inc.
- Vil Shelter Island

Investisman DEC ap fè nan Enfrastrikti yo : yo atribiye 55 milyon dola bay DEC pou yo kontinye inisyativ Adventure NY la pandan y ap reponn a yon bann seri bezwen kapital ki gen ladan yo: pwojè pou aksè piblik yo pou konekte chasè, pechè ak liy yo, obsèvatè zwazo yo ak lòt antouzyas anplennè yo ak tèren inekplwate Eta a yo. Nouvo

Finansman sa a pral bay lajan tou pou investi nan pwojè reparasyon sanitè ak sekirite nan enfrastrikti Eta yo, ki gen ladan baraj yo, amenajman tè marekaj yo, tèren Eta yo, eklozri pou pwason yo ak lòt enfrastrikti Eta a yo.

Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF): Bidjè Egzekitif la gen ladan 300 milyon dola pou fon EPF la, ki se pi gran kantite finansman nan istwa pwogram lan. Apwopriasyon yo gen ladan 38 milyon dola pou pwogram dechè solid yo, 88 milyon dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 152 milyon dola pou pwogram anplennè yo, ak 21 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la Inisyativ espezif EPF ap antreprann nan Long Island lan yo gen ladan:

- 2 milyon dola pou Komisyon Tèren Enfètèl Pen Long Island yo (LI Pine Barrens Commission)
- 4.5 milyon dola pou Konte Suffolk pou pwogram sibvansyon Amelyorasyon Kalite Dlo
- 5 milyon dola pou Konte Nassau pou pwogram sibvansyon Amelyorasyon Kalite Dlo
- 500,000 dola Cornell Cooperative Extension pou Konte Suffolk la
- 900,000 dola pou Rezèv Anbouchi Kòt Sid Long Island lan (LI South Shore Estuary Reserve)
- 15 milyon dola pou Zou, Jaden Botanik, ak Akwaryòm (Zoos, Botanical Gardens and Aquaria, ZBGA) toupatou atravè eta a yo; byenke yo poko detèmine prim sibvansyon ZBGA a yo pou ane 2019 la, an 2018, zou, jaden botanik ak akwaryòm Long Island sa yo te resevwa apeprè 390,000 dola nan sibvansyon ki soti nan pwogram sa a:
 - Environmental Centers of Setauket-Smithtown, Inc.
 - Aboretòm Friends of Bailey a
 - Eklozri pwason ak Akwaryòm Friends of Cold Spring Harbor la
 - Jaden Old Westbury yo
 - Fondasyon pou Rechèch ak Prezèvasyon Lamarin Riverhead la (Riverhead Foundation for Marine Research and Preservation)
 - Asosyasyon Bèt Volay Kanton Southampton lan (Southampton Township Wildfowl Association)
 - Òganizasyon Eritaj Ward Melville la (Ward Melville Heritage Organization)
 - Vil Brookhaven
 - Vil North Hempstead la
 - Vil Smithtown
 - Volunteers for Wildlife, Inc.

Entèdi Sachè Plastik a Izaj Inik yo: Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon pou entèdi sachè plastik a izaj inik yo konn bay kliyan yo pou yo pote pwovizyon yo. An Mas 2017 la, Gouvènè Cuomo te kreye Gwoup Travay sou Itilizasyon Sachè Plastik Eta New York la (New York State Plastic Bag Task Force) pou yo devlope rekòmandasyon global ki ka aplike nan tout eta a. Entèdiksyon an pral ede redwi degajman gaz a efè sèr ki asosye ak pwodiksyon ak eliminasyon sachè yo. DEC pral travay ak pati prenan yo ak lidè kominote yo pou yo asire ke lansman inisyativ sa a pap afekte kominote ki gen revni fèb ak modere yo ak kominote jistis anviwònmanal yo nan fason

dispwopòsyone atravè distribisyon sachè reyitilizab ak egzansyon y ap bay kote sa apwopriye.

Agrandi Pwojè Lwa sou Boutèy la (Bottle Bill): Bidjè Egzekitif la gen ladan lejislasyon pou modifeye Pwojè Lwa sou Boutèy la pou agrandi tip boutèy bwason ki kouvri nan kad RCA a yo pou yo vin gen ladan boutèy ki gen: bwason espòtiv yo; bwason enèjetik yo, ji fwi ak ji vejetal yo; te ak kafe tou prepare yo; ak bwason pou byennèt yo. Pwopozisyon sa a pral ede redwi triyaj ak fado finansye ki gen sou do pwogram resiklaj onivo gouvènman lokal yo. Anplis de sa a, Gouvènè a pral enkli modifikasyon nan lejislasyon Pwojè Lwa sou Boutèy la pou abòde pwoblèm aplikasyon lwa yo epi pou reponn a kòmantè pati prenan yo genyen, ansanm ak sanksyon ranfòse yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)